



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON PWOJÈ REYABILITASYON 6.9 MILYON DOLA SOU ROUTE 5 NEW YORK NAN KONTE ERIE

*Pwojè reyabilitasyon an ranfòse koridò vital rive anba lavil Buffalo ki Sèvi ant 20,000 ak 45,000 veyikil chak jou*

*Foto yo Disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon pwojè antretyen prevantif 6.9 milyon dola sou State Route 5 lan soti nan Big Tree Road rive nan Kane Street nan lokalite Hamburg ak vil Lackawanna nan Konte Erie. Pwojè a te amelyore sekirite nan depasman ak sikilasyon sou koridò vital sa a pou otomobilis ak pyeton yo.

"N ap investi nan antretyen prevantif ak travay avèk kominote yo pou kreye wout ki rezistan pou jenerasyon Nouyòkè alavni yo pou ede asire ekonomi rejyonal yo gen enfrastrikti fyab ki sipòte vwayaj san danje ak aksesib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè reyabilitasyon sa a non sèlman amelyore depasman ak sekirite men tou asire lokal tankou Hamburg ak Lackawanna kapab rete konpetitif nan nivo ekonomik pandan n ap kontinye konbat difikilte pandemi an ak ranfòse enfrastrikti ak ekonomi nou pou lavni".

Sekirite pyeton se te yon priyorite sou koridò ki frekante sa a. Yo te konstwi nouvo ranp bò twotwa ak ranp pou chèz woulant yo ki konfòm avèk estanda Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA). Yo te amelyore ekipman siyalizasyon pou pyeton yo avèk bouton peze pou pyeton ki modèn ak kwonomèt kontaj regresif ki pral alètte pyeton yo lè yo kapab espere siyal sikilasyon an ap chanje.

Pwojè a gen ladan reyabilitasyon chose sou State Route 5 nan fasone sifas ki egziste a, nan fè reparasyon ak revètman chose a ki nesèsè pou bay yon nouvo sifas rezistan ki pral pwolonje lavi itil otowout la. Tretman ekonomik sa a pral founi yon dire lavi konsepsyon chose pou senk ane. Travay sou chose a ap kenbe otowout New York yo an bon eta, epi investisman sa a pral fè yo pran tan avan yo bezwen fè gwo reparasyon k ap koute pi chè yo.

Nouvo mak sou chose yo, pano siyalizasyon ak siyal yo te enstale sou State Route 5 nan limit pwojè a.

Yon seksyon 2,300 pye longè sou liy flotezon State Route 5 la, ke Otorite Dlo Konte

Erie posede, te ranplase tou atravè yon akò minisipal pou amelyorasyon nan kad pwojè sa, pou amelyore pèfòmans ak fyabilite sistèm lan.

"Amelyorasyon transpò tankou reyabilitasyon Route 5, enpòtan pou sipòte aksè ak biznis ak komès pou tout manm kominote yo nou sèvi", **komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare.** "Amelyorasyon sa yo nan koridò a se yon egzanp kijan DOT ap fè investisman enpòtan nan otowout nou yo pandan ke l ap amelyore tou fyabilite sistèm transpò pou otomobilis, pyeton ak siklis yo."

**Senatè Sean Ryan te deklare,** "Achèvman pwojè sa a se bon nouvèl pou plizyè milye pasan ki pase sou mòso Route 5 ant anba lavil Buffalo ak rejyon sid (southtowns) la chak jou. Investisman 6.9 milyon dola a te finanse mezi enpòtan pou fasilite sikilasyon epi amelyore sekirite chofè ak pyeton yo. Mwen remèsye anpil travayè nan konstriksyon kote efò yo te esansyèl pou pèmèt pwojè sa fini alè".

**Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare,** "Kenbe enfrastrikti sen se yon endikatè kle kapasite yon rejyon pou pwogrese. Travay enpòtan sou wout sa a sou yon atè veyikilè esansyèl ant vil Buffalo ak rejyon sid la yon lòt siy konpreyansyon administrasyon Hochul la sou bon gouvènman ak nesosite rezidan yo nan eta a".

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon nan tan reyèl, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org), oswa konekte sou telefòn selilè w sou <http://m.511ny.org/>. 511NY bay enfòmasyon gratis, 24 sou 24, 7 jou sou 7, atravè eta a, sou sikilasyon machin ak transpò an tan reyèl pou tout Eta New York.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOT ak @NYSDOTBuffalo. Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)